# Махсет Отемуратов – «Қарақалпақстан көркем өнер сарайы» мәмлекетлик мәкемесине директор етип тайынланды

30-май күни «Қарақалпақстан көркем өнер сарайы» мәмлекетлик мәкемесинде мәжилис болып өтти.

Оған Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният министри Қ.Турдиев, театрлар, концерт-тамаша шөлкемлери, оқыў орынларының басшылары, мәдeният ҳәм көркем өнер ўәкиллери қатнасты.

Image not found or type unknown

Мәжилисти  Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният министри Қ.Турдиев ашты ҳәм Ҳүрметли Президентимиз тәрепинен елимизди социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарында алып барылып атырған кең көлемли реформалар нәтийжесинде мәдениятымыз ҳәм көркем өнеримизге де үлкен итибар қаратылып атырғанлығын айрықша атап өтти.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 8-майдағы «Қарақалпақстан Республикасында мәдeният ҳәм көркем өнер тараўын және де раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы қарары менен шөлкемлестирилген «Қарақалпақстан көркем өнер сарайы» мәмлекетлик мәкемеси де Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының арнаўлы қарары менен қайта реконструкция етилип, заманагөй көриниске ийе болған еди.

Image not found or type unknown

Бул мәдeният мәкемесинде мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлердиң салтанатлы илажлары, ҳәр түрли концерт бағдарламалары, көрик таңлаў ҳәм фестиваллар, көргизбелер, мәдeният, көркем өнер, илим-пән, әдебият ҳәм басқа тараўлардың көрнекли ўәкиллери менен ушырасыўлар, арнаўлы таярланған бағдарламалар ҳәм басқа да илажларды өткериў ушын барлық шараятлар жаратылған.

Мәжилисте шөлкемлестириў мәселеси қаралып, «Қарақалпақстан көркем өнер сарайы» мәмлекетлик мәкемеси директоры лаўазымына Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Отемуратов Махсет Кеунимжаевич тайынланды.

Өз гезегинде М.Отемуратов өзине билдирилген исенимди ақлаўға, билим ҳәм тәжирийбесин мәдeният ҳәм көркем өнерди ҳәр тәреплеме раўажландырыў, халыққа сапалы мәдений хызмет көрсетиў, талантлы жасларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў бағдарында алып барылып атырған ийгиликли ислерге мүнәсип үлес қосыў ушын  жумсайтуғынлығын билдирди.

Министрликтиң мәлимлеме хызмети